

# NYSAN

REZO PWOGRAM APRE-LEKÒL ETA NOUYÒK  
Zouti otoevalyasyon kalite pwogram lan (QSA)  
Planifikasyon pou amelyorasyon kontini pwogram

CBO/Distri: \_\_\_\_\_

Lokal pwogram apre-lekòl la: \_\_\_\_\_

Direktè pwogram lan: \_\_\_\_\_

Peryòd evalyasyon an: Soti \_\_\_\_\_ Pou rive \_\_\_\_\_

Nou travay pou n asire tout timoun ak jennès nan Eta  
Nouyòk la rive jwenn pwogram kalite siperyè nan lè pa gen lekòl yo.



# Zouti otoevalyasyon kalite pwogram

## **Lide jeneral ak Objektif**

Amelyorasyon kalite pwogram apre-lekòl dwe derape ak angajman bòkote pwofesyonèl yo pou yo byen egzaminen pwogram yo san paspouki. Yon pwogram bon kalite se yon pwogram ki byen reflechi, ki gen volonte amelyore, chanje ak grandi e ki kwè nan rezilta pozitif pou patisipan l yo. Anplisdesa, pwofesyonèl yo dwe konprann epi potekole ak lide ke amelyore kalite yon pwogram se yon pwosesis kontini. Se sou baz konsèp sa yo Zouti otoevalyasyon kalite pwogram lan chita. Dokiman sa a bati sou baz eksperyans, konesans, rechèch ak dokimantasyon pwofesyonèl pwogram apre-lekòl ak desidè ki gaye nan tout peyi a. Nou espere rezilta a, se yon zouti ki kapab sèvi pou fè pwomosyon amelyorasyon kontini nan tout aspè pwogram apre-lekòl yo.

Zouti otoevalyasyon sa a ba dirijan ak estaf kle pwogram yo yon mwayen itilize yon menm ansanm estanda pou evalye, planifye, konsevwa e egzekite estrateji pou amelyorasyon kontini pwogram lan nan kolaborasyon ak lòt yo ki nan menm domèn nan. Zouti otoevalyasyon an pou tèt pa l se yon dokiman k ap devlope gradyèlman. Objektif lan se pou l sèvi atravè tout Eta Nouyòk la, e petèt pi lwen pase sa, men tou pou l kontinye vin pi bon sou baz konesans ki ranmase moso pa moso pandan y ap itilize l, pou fè efikasite otoevalyasyon grandi kòm yon zouti pou evalyasyon, planifikasyon ak egzekisyon.

Nou espere zouti sa a ap itil pou divès kalite moun ki angaje nan domèn aktivite andeyò lè lekòl yo. Pa egzanp, li kapab sèvi nouvo pwogram yo kòm zouti pou planifikasyon e pou pwogram ki fin rèk yo pou amelyorasyon kontini pwogram lan. L ap bay patnè ak kolaboratè pwogram lan yon estrikti pou konpare lide e idantifye pwoblèm yo bonè nan pwosesis travay tèt kole. Investisè yo ap jwenn zouti an itil pou devlope apèl-pou-pwojè (*Requests For Proposals RFP*), ak pou evalyasyon aplikasyon yo tou. Moun k ap fè evalyasyon yo kapab sèvi avè l kòm yon kad pou egzaminen pwogram yo. Gen yon gid pou itilizatè k ap devlope aktyèlman e gen mwayen jwenn referans bòkot NYSAN pou asistans teknik nan itilizasyon zouti an.

N ap fè remake kwak enstriman sa a ka atenn anpil objektif, sèvi avè l pa vle di pwogram yo resevwa ankenn kredi oswa akreditasyon. Si w enterese jwenn akreditasyon pou pwogram ou, ou mèt ale sou sit entènèt "New York State School-Age Care Coalition" nan adrès [www.nyssacc.org](http://www.nyssacc.org)

## **Men kijan zouti otoevalyasyon kalite pwogram lan fonksyonnen**

Enstriman sa a òganize sou baz dis eleman esansyèl yon pwogram apre-lekòl ki efikas. Chak eleman gen yon lis estanda pratik oswa "endikatè bon kalite" ki founi direktiv pou asire bon kalite rezilta. Asteriks (\*) la vle di endikatè sa yo endispansab pou abòde anvan kòmansman pwogram lan. Onfwa pwogram lan ap fonksyonnen, chak endikatè dwe resevwa yon enpòtans egal. Ou ka itilize sistèm klasman Nivo Pèfòmans (1-4) lan pou evalye nivo konpetans oswa metriz chak pwen de referans jan endikatè yo defini l lan. Griy Nivo priyorite nan planifikasyon an pèmèt pwogram yo defini priyorite yo e byen kalkile tan ki nesèsè pou atenn oswa depase estanda yo. Evalyasyon sa a, lè li fèt ansanm ak lòt efò fòmèl oswa enfòmèl pou evalye, tankou sondaj patisipan, paran ak pèsònèl, reyinyon pèsònèl, epitou fowòm patisipan ak paran, li kapab e li dwe pèmèt pwogram yo idantifye fòs ak feblès yo e kidonk abouti a yon plan solid pou abòde bezwen pa yo.

## **Nivo Pèfòmans**

Òganizasyon yo dwe travay pou atenn, omwen, yon nivo satisfèzan nan tout endikatè bon kalite yo ki andedan chak nan dis eleman yo. Pwogresivman, pwogram yo dwe kontinye goumen pou rive nan yon nivo Ekselans. Kat nivo pèfòmans yo konsa:

- 4 Ekselan/Depase estanda yo ..... Li pare pou l ede e travay avèk lòt nan domèn sa a.
- 3 Satisfèzan/Li rive nan estanda yo ..... Li bezwen èd pou prepare pèsònèl la pou travay avèk lòt nan domèn sa a.
- 2 Enpe pwogrè fèt/Li pre estanda ..... Li kapab sèvi ak èd anplis ki konsantre sou domèn sa a.
- 1 Li dwe ajè e amelyore/Li pa rive nan estanda .. Li bezwen anpil sipò nan domèn sa a.

## ***Gid pou planifye amelyorasyon***

---

Onfwa pwogram yo evalye nivo pèfòmans yo pou tout endikatè bon kalite yo, yo dwe sèvi ak seksyon "Plan pou Amelyorasyon an" pou yo devlope yon kalandriye amelyorasyon pwogram lan pou chak endikatè bon kalite. Endikatè bon kalite ki gen asteriks (\*) yo dwe jwenn priyorite nan plan amelyorasyon an poutèt yo konsidere yo endispansab pou kòmansman pwogram. Lè y ap konsevwa yon pwojè amelyorasyon, pwogram yo dwe kòmanse defini pwèn de referans yo epi devlope yon plan aksyon pou rive nan, oswa, depase pwèn de referans sa yo, e y ap evalye sa tanzantan pandan ane pwogram lan. Nivo Plan amelyorasyon yo konsa:

Touswit	Y ap abòde domèn lan anvan oswa nan kòmansman pwogram lan.
Ane sa a	Y ap abòde domèn lan pandan ane pwogram lan.
Ane pwochè	Y ap evalye domèn lan ankò anvan kòmansman pwogram ane k ap vini an.

Objektif Zouti otoevalyasyon kalite pwogram sa a se ede pwogram yo nan chèche amelyorasyon kontini pwogram lan. Li pa dwe sèvi senpleman kòm yon lis verifikasyon pou montre fòs ak feblès pwogram lan; ni tou itilizasyon l pa vle di mete sitèlman chaj sou responsab pwogram yo ke yo pa kapab egzekite responsablite ki genyen chak jou pou pwogram lan. Seksyon Plan pou amelyorasyon an dwe sèvi kòm yon gid k ap ede pwogram yo devlope plan ni akoutèm ni alontèm pou konsidere bezwen pwogram lan.

## ***Devlopman pwofesyonèl ak Asistans teknik***

---

Rezilta otoevalyasyon an pral gen plizyè enpak ki pral pèmèt pwogram yo fè devlopman pèsònèl pou abòde domèn ki merite sipò yo. Rezo pwogram Apre-lekòl Eta Nouyòk la pral sèvi ak enstriman sa a tou kòm baz pou inisyativ fòmasyon kontini ak asistans teknik li an. Reyaksyon bòkot itilizatè yo ap ede bay estrateji devlopman pwofesyonèl lan fòm pou tout fòmasyon pi devan yo.

## ***Rezo Pwogram Apre-lekòl Eta Nouyòk***

---

Rezo Pwogram Apre-lekòl Eta Nouyòk (NYSAN) se yon patenarya sektè piblik ak prive gwoup lokal, rejyonal ak nan tout Eta a ki angaje nan pwomosyon sekirite, edikasyon ak bon devlopman jennès lan andeyò kad tradisyonèl klas lekòl. Aktivite NYSAN fèt nan sans devlope kapasite ak angajman kominote yo genyen pou ogmante kalite ak disponiblite pwogram yo nan lè lekòl yo fin fonksyonnen. Li kòmanse an 2001 kòm yon gwoup konsiltatif pou Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la nan planifikasyon ak egzekisyon pwogram *21<sup>st</sup> Century Community Learning Centers* (Sant Edikasyon Kominote 21<sup>èm</sup> Syèk) yo nan Nouyòk, epi gwoup konsiltatif la vin tounen fòmèlman NYSAN an 2003. Kounye a NYSAN se yonn nan 25 rezo apre-lekòl yo atravè peyi a ki gen finansman *Charles Stewart Mott Foundation*.

Jodya, nan pami patnè nou yo genyen After-School Corporation (TASC), Association of New York State Youth Bureaus, Children's Aid Society (CAS), Coalition for After-School Funding (CASF), Cornell University: Cornell Early Childhood Program ak Cornell Cooperative Extension, Partnership for After School Education (PASE), New York City Department of Education, New York State Center for School Safety (NYSCSS), New York State Education Department (NYSED), New York State Office of Children and Family Services (OCFS), New York State School Age Care Coalition (NYSSACC), ak United Way of New York State.

## ***Remèsiman***

---

Dokiman sa a te kreye sou baz rechèch ak eksperyans manm ak kolèg NYSAN yo. Gen yon lis referans konplè ki pibliye sou sit entènèt NYSAN la nan: [www.nysan.org](http://www.nysan.org).





## Zouti pou otoevalyasyon kalite pwogram lan

### Relasyon

Yon pwogram bon kalite devlope, anrichi e kenbe relasyon pozitif ak echanj nan pami pèsonèl, patisipan, fanmi ak kominote yo.

#### Endikatè bon kalite

##### Yon pwogram bon kalite:

1. \*Gen yon pèsonèl ki respekte e kominike yonn ak lòt e ki se modèl relasyon pozitif an granmoun.
2. \*Kominike ak fanmi yo nan yon jan ki akeyan respektab e alèz.
3. \*Trete patisipan yo ak respè epi koute sa y ap di.
4. Aprann patisipan yo aji ant yo nan manyè ki pozitif.
5. Aprann patisipan yo fè chwa responsab e ankouraje rezilta pozitif yo.
6. Li ka santi fasilman kilti ak lang patisipan yo.
7. Tabli kominikasyon enpòtan nan kominote a.
8. Gen reyinyon ki pwograme ak moun ki pi enpòtan yo, ki angaje nan menm domèn nan.
9. Ankouraje ansyen patisipan yo kontribye kòm volontè oswa manm pèsonèl.

Nivo Pèfòmans				Pwojè Amelyorasyon		
1	2	3	4	Touswit	Ane sa a	Ane pwochèn

#### Plan Aksyon

#### Fòmasyon/Asistans teknik ki nesèsè

Asteriks (\*) la vle di eleman sa yo endispansab pou abòde anvan kòmansman pwogram lan.





## Zouti pou otoevalyasyon kalite pwogram lan

### Lyen ant lekòl ak apre-lekòl

Yon pwogram *bon kalite* fè pèsonèl li travay kolekole ak pèsonèl lekòl la pou asire ke eleman ak aktivite akademik yo sou menm liy epi yo anrichi estanda ak pwogram etid lekòl la.

#### Endikatè bon kalite

##### Yon pwogram bon kalite:

- \*Jwenn angajman resous yo (sa vle di klas lekòl, tablo afichaj, espas pou klasman, enstalasyon enfòmatic, biwo kowòdonatè pwogram lan) bòkot direktè lekòl la, lè sa posib.
- Kenbe komunikasyon avèk direktè ak administrasyon lekòl la.
- Tabli lyen solid ak lè lekòl la ap fonksyonnen.
- Mete yon pwogram ki antre nan aktivite eskolè yo e ki konplete yo.
- Kolabore regilyèman ak pèsonèl eskolè a pou sa ki an rapò avèk itlizasyon enstalasyon ak resous yo.
- Bay sipò a estanda pèfòmans ak pwèn referans lokal yo ak pa Eta yo.
- Kominike ak pèsonèl eskolè a pou siveye pwogrè elèv yo sou plan akademik ak konpòtman.
- Rezève ase tan nan pwogram nan pou devwa-lakay ak èd pou devwa-lakay.
- Gen reprezantan nan komite planifikasyon pwogram etid lekòl la.

Nivo Pèfòmans				Pwojè Amelyorasyon		
1	2	3	4	Touswit	Ane sa a	Ane pwochèn

#### Plan Aksyon

#### Fòmasyon/Asistans teknik ki nesèsè

Asteriks (\*) la vle di eleman sa yo endispansab pou abòde anvan kòmansman pwogram lan.

## Zouti pou otoevalyasyon kalite pwogram lan

---

### Patisipasyon jenn yo / Angajman

Yon pwogram *bon kalite* bay okazyon pou jenn yo patisipe nan planifikasyon, pou yo fè chwa pa yo e pou yo angaje nan divès kalite bagay yo ofri yo.

#### Endikatè bon kalite

##### Yon pwogram *bon kalite*:

1. \*Ba patisipan yo divès kalite estrateji angajman.
2. Gen patisipan ki pran soukont yo chwa ak devlopman pwogram.
3. Pèmèt patisipan yo, atravè aktivite yo, devlope konpetans ki nesèsè pou byen viv e apresye pwòp tèt pa yo.
4. Dwe gen mwayen bay patisipan yo chans eksprime lide, pwoblèm ak opinyon pa yo.
5. Pèmèt patisipan yo eksplòre resous ak solisyon ki nan kominote pa yo atravè pwojè ak aktivite.
6. Ankouraje patisipasyon regilyè e aktif.
7. Ankouraje travay ann ekip ak respè pou lòt.
8. Enplike patisipan yo nan devlopman prensip disiplin.
9. Ankouraje patisipan yo rekrute lòt moun nan pwogram lan.

Nivo Pèfòmans				Pwojè Amelyorasyon		
1	2	3	4	Touswit	Ane sa a	Ane pwochèn

#### Plan Aksyon

#### Fòmasyon/Asistans teknik ki nesèsè

---

Asteriks (\*) la vle di eleman sa yo endispansab pou abòde anvan kòmansman pwogram lan.

## Zouti pou otoevalyasyon kalite pwogram lan

---

### Paran / Fanmi / Relasyon Kominotè

Yon pwogram bon kalite tabli yon patenarya solid ak fanmi e kominote yo nan lide pou rive atenn objektif pwogram lan.

#### Endikatè bon kalite

##### Yon pwogram bon kalite:

1. Antre fanmi yo nan pran desizyon ak planifikasyon.
2. Antre fanmi yo ak kominote a nan aktivite pwogram lan.
3. Kominike ak fanmi yo sou matyè ki konsènen byennèt timoun nan.
4. Chèche okazyon pou pataje resous kominote a ak fanmi yo.
5. Bay opòtinite pou alfabetizasyon e eksperyans anrapò ak edikasyon pou fanmi patisipan ki nan pwogram lan.
6. Founi fanmi yo enfòmasyon sou resous kominote a pou satisfè bezwen yo.
7. Bati relasyon ak enstitisyon atistik, kiltirèl e lòt nan kominote a pou agrandi e anrichi sa pwogram lan ofri.
8. Kowòdone aktivite devlopman pèsonel yo ak pa lòt patnè lekòl ak kominotè yo.

Nivo Pèfòmans					Pwojè Amelyorasyon		
1	2	3	4		Touswit	Ane sa a	Ane pwochèn

#### Plan Aksyon

#### Fòmasyon/Asistans teknik ki nesèsè

---

Asteriks (\*) la vle di eleman sa yo endispansab pou abòde anvan kòmansman pwogram lan.

## Zouti pou otoevalyasyon kalite pwogram lan

### Dirablite / Kwasans Pwogram lan

Yon pwogram bon kalite gen yon vizyon/misyon lojik e konsistan ak yon plan pou ogmante kapasite ki sipòte kwasans kontini.

#### Endikatè bon kalite

##### Yon pwogram bon kalite:

9. \*Gen yon deklarasyon misyon ak objektif alekri.
10. \*Anplaye pèsònèl ki konprann e ki potekole ak misyon e objektif pwogram lan.
11. Antre patisipan yo, fanmi pèsònèl la ak manm direksyon yo nan pran desizyon ak travay planifikasyon alontèm yo.
12. Devlope yon plan alontèm pou dirablite pwogram apre-lekòl la.
13. Chèche sipò e tabli relasyon ak antrepriz e enstitisyon lokal yo pou jwenn resous anndan kominote a.
14. Tabli relasyon ak defansè yo tankou lidè kominotè yo, antrepriz ak ofisyèl ki eli yo, pou ede nan kalite ak disponiblite pwogram lan.
15. Gen yon estrateji maketin efikas ki fè reklam pwogram lan ak reyalizasyon l anndan lekòl la e nan tout kominote a anjeneral.

Nivo Pèfòmans				Pwojè Amelyorasyon		
1	2	3	4	Touswit	Ane sa a	Ane pwochèn

#### Plan Aksyon

#### Fòmasyon/Asistans teknik ki nesesè

Asteriks (\*) la vle di eleman sa yo endispensab pou abòde anvan kòmansman pwogram lan.

